

KISA OU ATANN A YON PWEN DISTRIBISYON (POD)

Pandan yon epidemi jeneral ak yon maladi oswa yon ajan byoteworis yo ta lage, tankou anthrax, Maryland mete divès plan etabli pou distribye medikaman ak lòt materyèl bay kominote lokal yo osi vit ke posibil. Depatman pou Sante nan Maryland lan pral travay avèk depatman sante lokal yo pou etabli divès pwen pou distribisyon (PODs). PODs sa yo se lokalizasyon kote moun ka ale chèche medikaman yo pou pwoteje pwòp tèt pa yo pou yo pa vin malad. Fèy enfòmasyon sa a eksplike akisa ou dwe atann ou si ofisyèl yo enstwi ou pou ou ale nan yon POD pandan yon ijans nan sante piblik.

GWO FOUL MOUN AK LIY KI LONG

Literalman gen anpil milye sitwayen ki pral rapòte yo nan lokalizasyon sa yo nan yon peryòd tan ki kout. Ou dwe prepare pou divès gwo foul moun ak liy long. Pran pasyans epi rete koutwa

SEKIRITE SERE

POD yo bezwen pou yo rete san danje ak an sekirite. Pèsonèl ki responsab pou fè respekte lalwa yo ap prezan an gran nonb, gen kèk ladan yo k ap an inifòm, epi ap gen lòt mwens vizib k ap bay sekirite. Ou dwe kolabore avèk yo nan tout tan. Sa a pral fasilite pwosesis distribisyon medikaman yo.

NOUVÈL MEDYA

Journalis pral nan plizyè kote epi yo ka vle poze ou kesyon. Si ou chwazi pou yo fè ou entèvyou, tanpri travay avèk manm ekip POD yo pou akomode jounalis yo. Manm pèsonèl ka ap travay pou kenbe aktivite medya yo nan lòd, epi pou yo rete lwen lòt aktivite ki esansyèlman ap fè distribisyon.

KESYON AK REPONS

Reprezantan Depatman Sante Lokal yo pral pòte yon idantifikasyon. Manm ekip ofisyèl yo pral gen anplasman nan lokalizasyon ki byen make. Yo pral kapab reponn kesyon yo epi livre fòmilè yo. Tanpri pran pasyans epi montre koutwazi pandan ou ap tann pou ou pale avèk reprezantan sa yo.

KONSÈY JENERAL

- Prepare ou pou reponn kesyon sou sante pou ka pran medikaman pou tout manm fanmi w.
- Ou ka resevwa medikaman pou granmoun ki aje oswa vwazen ki andikape oswa zanmi ki ka gen pwoblèm pou yo rive kote POD la ye a.
- Pa mennen timoun; se sèlman yon moun yo deziyen kòm responsab nan kay la ki ka rapòte li nan POD la.
- Pa mennen bèt ou renmen yo. Sepandan, y ap pèmèt pou animal sèvis yo antre nan etablisman an.
- Pote manje sa ki p ap gate, ti bagay pou pase nan bouch tankou fwi sèk, nwa, ti biskwit, ba enèji ak lòt bagay sa yo k ap ede kenbe osi lontan pou èdtan long yo.
- Pòte materyèl pou fè lekti, tankou yon liv, yon magazin oswa jwèt mo kwaze yo, pou okipe tan ou nan liy lan.
- Nou ka limite itilizasyon telefòn selilè pou n asire ke anplwaye esansyèl ijans yo ka kominike nan sit la. Gen siy ki pral dirije ou pou fèmen telefòn selilè ou si sa nesèsè.

- PIPLIS-





MARYLAND
Department of Health

Office of Preparedness and Response

Updated 11/2017


PLIS ENFÒMASYON

 preparedness.health.maryland.gov

 facebook.com/MarylandOPR

 twitter.com/MarylandOPR

 health.maryland.gov

 facebook.com/MarylandDHMH

 twitter.com/MDHealthDept